KODZERO YEVAUCHIKI VEMBEU, KODZERO YEMURIMI UYE MUTEMO WE*UPOV 1991*

Nyika dzemuAfrica dziri kumhanyira kupa kodzero dzakasimba uye mbeu nezvimwe zvinodyarwa kuvauchiki vembeu (*plant breeders' rights – PBRs*). Izvi zvinoratidza kumiswa kwembeu dzevarimi. Nyika dzeAfrica dziri kuita izvi kuburikudza nekubvumidza chimbvimirano chepasi rose chinonzi *UPOV 1991. UPOV* yakaumbwa nevauchiki vembeu vekuEurope nechinangwa chekurima kuchishandiswa mafetireza uye mishonga.

UPOV 1991 haina kukodzera mukurima kwemuAfrican, uko mbeu zhinji dzinoshandiswa dziri dzevarimi. *UPOV* inokurudzira kuuchikwa kwembeu dzevarimi vakanangana nekutengesa zvinove zvichabvisa mbeu dzevarimi vadiki. Mbeu dzakauchikwa dzinokurudzira kurimwa kwembeu imwe panguva kuchishandiswa mvura yemadiridziro uye mishonga inodhura nekuuraya pamwe nemafetireza.

Kana varimi vadiki vakadyara mbeu dzaka chengetedzwa nemutemo we*PBRs*, zvichaita kuti vatenge mbeu mwaka woga woga. Havazokwanisi kuchengetedza mbeu kubva pagoho ravo kuti vapanane, vatengese kana kuchinjana mumhuri dzavo, neshamwari kana vavakidzani. Kutenga mbeu gore roga roga zvinoita kuti vave nechikwereti uye vararame nembeu dzakauchikwa. Izvi zvinoita kuti huwandu hwembeu dzavo pamwe nekuzvitonga pambeu huparare. Hurumende zhinhi dzemuAfrican dzakaita kuti ive mhosva kuti varimi vadiki vadyare mbeu dzavano chengeta, kuchinjana kana kuti kutora kubva kumbeu yakachengetedzwa.

Nzira yakakosha uye inoita kuvarimi vadiki ndeinopa kodzero kuvarimi. Ndiyo inokurudzira huwandu hwembeu dzinovandudzwa nemurimi ichiita kuti vawane zvirimwa zvine kudya kunovaka muviri uye kudya kwezvipfuwo.

www.acbio.org.za info@acbio.org.za Tel +27 (0)11 486 1156

african centre for biodiversity

duduzelho.com